



# Khan Academy

## POUKISA?

- *Khan Academy* se yon enstriman gratis sou entènèt yo itilize pou etidye pou *SAT* oswa pou nenpòt lòt sijè.
- Elèv yo kapab jwenn leson pèsonalize lè kont *Khan Academy* yo konekte avèk kont *College Board (SAT)*.
- *Khan Academy* ofri egzamen *SAT* konplè, li pèmèt elèv yo kreye yon orè etid pou egzamen k ap vini, epi li ede enstriktè yo suiv pwogrè yo.
- Rechèch demontre elèv ki pase 20 èdtan nan *Khan Academy SAT* ogmante nòt yo de 115 pwen an mwayèn. Nòt egzamen ki pi wo bay plis chans pou jwenn bousdetid ki baze sou merit.

## KIJAN?

- Kreye yon kont *Khan Academy* nan [KhanAcademy.org](http://KhanAcademy.org)
- Kreye yon kont *College Board* nan [CollegeBoard.org](http://CollegeBoard.org)  
*Yon ti konsèy: Pa kreye yon lòt kont si w te deja genyen youn avan. Ou kapab rejwenn kont la si w bliye non itilizatè oswa modpas ou gras ak imèl ou (sa kapab imèl nan lekòl ou).*
- Lè w ap kreye yon kont, seleksyone “*SAT*” kòm sijè ou enterese ladan l la
- Yon fwa w nan paj la, seleksyone “*practice*” nan seksyon *SAT* a.
- Y ap mande ou si w te pran yon egzamen *College Board* deja (*SAT, PSAT & PSAT10*). Seleksyone “*Yes*”(“*wi*”)...Kontinye ak kesyon #2
- Nan kesyon # 2 a, chwazi “*A. Sign into CollegeBoard*”.
- Konekte nan kont *College Board* ou epi bay *Khan* pèmision pou l rale enfòmasyon pou egzamen w la pou yon plan leson pèsonalize.



[AchievePBC.org](http://AchievePBC.org)



## POUKISA?

- *MyCareerShines* se yon enstriman gratis sou entènèt pou elèv lekòl mwayen ak lekòl segondè planifye pou karyè ak kolèj.
- Reponn kesyon ki pèsonalize pou evalye pwen fò w ak enterè ou pou ede w jwenn karyè ki apwopriye pou ou.
- Jwenn enfòmasyon sou diferan karyè ak wout ki mennen ladan yo, enkli enfòmasyon sou salè, bezwen edikatif, eltr.
- Suiv pwogrè w sou plan pou kolèj ou.
- Jwenn enfòmasyon sou tandans demand eta ak distri a pou karyè.
- Kreye kourikoulòm vite epi telechaje dokiman, referans ak lèt rekòmandasyon.
- Jwenn kolèj ak pwogram ki kapab ede w prepare karyè ou chwazi a.

## KIJAN?

- Kreye yon kont nan *MyCareerShines.kuder.com*
- Konplete evalyasyon sa yo: *Career Interest Survey* (Sondaj sou Karyè ki enterese w), *Skills Confidence assessment* (Evalyasyon konfyans ou gen nan kapasite ou), ak *Work Values inventory* (Envantè Kalite Travay).
- Eksplòre karyè ak chemen ki mennen ladan yo, anmenmtan ak kolèj ak diferan pwogram edikatif. *Ti konsèy: itilize opsyon "Add to Favorite" ("Mete l nan preferans ou") pou konpare kolèj.*
- Klike sou "*Plan your Education*" pou vin konnen kijan pou aplike pou Èd finansye (*Financial Aid*).

*The Department of Multicultural Education Translation Team certifies that this is a true and faithful translation of the original document. (561) 434-8620 – February 2019 – SY191062*